

EGZÈSIS POU KREYE SANS

Atelye sou lidèchip ak travay ann ekip — MIT Sloan Executive Education / Inisyativ MIT-Ayiti
26–28 jen 2014, Otèl El Rancho, Petyonvil, Ayiti

Etap 1: Chwazi wòl yo (5 minit)

Chwazi yon manm nan ekip la ki pral jwe wòl yon moun ki pral pase yon entèvyou. Moun sa a pral reponn kesyon sou travay l ap fè nan ministè kote li ye kounye a. Moun sa a pral kite ministè a pou l al travay nan yon ONG ane pwochèn.

Rès manm ekip la pral jwe wòl anplwaye ki pral ranplase moun k ap pase entèvyou a. Sa yo gen pou yo fè se rive “kreye sans” pou pozisyon an ansanm ak wòl ministè a. Yo pral fè sa sou baz kesyon ke yo pral poze moun k ap pase entèvyou a, jan yo pral kondui entèvyou a, epi anfen jan yo pral kreye yon konpreyansyon kolektif—yon “kat jeyografik”—sou djòb la.

Etap 2: Prepare epi konpare lis yo (5 minit)

Patisipan ki pral pase entèvyou a ap fè yon deplase, epi chak moun ki nan ekip ki pral poze kesyon nan entèvyou a pral prepare yon lis kesyon pou entèvyou a. Lè tout moun nan ekip ki pral kreye sans fin prepare lis kesyon pa yo, yo ka konpare epi diferansye kesyon ak apwòch yo youn ak lòt. Nan ki pwen yo sanble? Nan ki pwen yo diferan?

Chak moun k ap kreye sans pral mande: Ki sa mwen te konsantre sou li oswa ki sa mwen te bay plis enpòtans an konparezon ak kesyon lòt manm ekip la? Ki pwen mwen manke oswa mwen inyore alòske lòt moun yo menm pa rate? Ki sa sa di sou fason mwen konprann òganizasyon? Ki sa sa di sou fòs kote mwen gen lakay mwen nan fason mwen kreye sans?

Etap 3: Konsolide lis yo epi òganize nou pou entèvyou a (10 minit)

Moun k ap kreye sans yo pral pwodui yon manman lis ki konsolide tout kesyon yo pou yon entèvyou ki va dire 15 minit. Nan prepare lis sa a, mande: Kòman pou nou melanje sèten kesyon ki rale repons lan rapid e san detou ak lòt kesyon ki kite repons lan pi lib? Sou ki sa pou nou konsantre an premye nan entèvyou a, epi ki sa n ap kite pou pi ta? Kòman nou dwe kòmanse entèvyou a? Kòman nou dwe fini entèvyou a?

Brase lide an gwoup pou nou deside kòman n ap òganize tèt nou pou nou mennen entèvyou a. Ki moun ki pral poze kesyon? Ki moun ki pral transkri repons yo? Ki moun ki pral veye tan an? Ki moun ki pral asire entèvyou a avanse san okenn pwoblèm?

Etap 4: Mennen entèvyou a (15 minit)

Moun k ap pase entèvyou a tounen, epi entèvyou a fèt.

Etap 5: Kreye yon kat (10 minit)

Moun k ap pase entèvyou a deplase ankò, epi moun k ap kreye sans yo pral devlope yon konpreyansyon kolektif konsènan djòb la. Itilize blòkafich (“flip chart”) pou kreye yon “kat” ki reprezante konpreyansyon kolektif sa a. Montre tout degre kreyativite nou kapab—pa annik fè yon chema sou òganizasyon an oswa enskri kèk gwo pwen!

Etap 6: Prezantasyon ak fidbak (10 minit)

Moun k ap pase entèvyou a tounen, epi moun k ap kreye sans yo prezante “kat” yo te fè a e yo pral resevwa fidbak. Jouk nan ki pwen moun k ap kreye sans yo byen konprann djòb la? Ki sa yo rate? Ki fòs kote yo montre? Eske yo te byen mennen entèvyou a?

Nan tout pwosesis nou te swiv yo, ki sa ki te ede n pou n rive kreye sans? Ki kalite obstak nou te kontre oswa ki te deranje pwosesis la?